



Distri Lekòl Rejyon Palm Beach Plan Angajman Paran ak Fanmi Tit I

YON PATENARYA POU SIKSÈ

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la deside pou angaje fanmi ak kominote a kòm patnè egal ego pou kontribye nan bay yon edikasyon nivo entènasyonal ak ekselans epi ekite, pou ede chak elèv pi wo nivo potansyèl li.

Chak ane Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la revize plan li pou sipòte lekòl Tit I ak fanmi yo nan etabli bon jan patenarya k ap ede elèv yo reyisi lekòl.

Yo enkli pwen enpòtan nan Plan Angajman Paran ak Fanmi Distri a pou ane 2026-2027 nan bilten sa a.

Ou kapab wè tout plan an nan sit entènèt Distri a anba ikòn *Students & Parents* epi nan *Federal and State Programs*.

KISA ANGAJMAN FANMI YE?

Angajman Fanmi nan lekòl yo se patenarya entansyonèl ant fanmi yo ak estaf lekòl pou sipòte siksè elèv yo nan travay ansanm nan fason konvansyonèl ak non-konvansyonèl. Sa enkli, fè sèten:

- lekòl yo rekonèt epi apresye wòl enpòtan fanmi yo jwe nan ede yon timoun aprann lakay li,
- yo ankouraje epi ede fanmi yo, yon fason pou yo angaje aktivman nan edikasyon pitit yo, epi
- fanmi yo se bon jan patnè epi genyen opòtinite pou yo enkli nan pran desizyon.



SIPÈENTANDAN AK KOMITE DIRIJAN LEKÒL

Michael J. Burke
Sipèentandan

Karen Brill
Prezidan Komite

Matthew Jay Lane, avoka
Vis Prezidan Komite a

Virginia Savietto

Erica Whitfield

Gloria Branch

Marcia Andrews

Edwin Ferguson avoka.

Distri Lekòl Rejyon
Palm Beach
3300 Forest Hill Boulevard
West Palm Beach, FL 33406
(561) 434-8000

KISA SA VLE DI POU YON LEKÒL TIT I?

Lekòl Tit I yo resevwa fon federal adisyonèl pou ofri program siplemantè pou sipòte bezwen edikatif elèv, etabli bon jan sipò pou fanmi, epi fè sèten pwofesè yo resevwa fòmasyon nan pratik ansèyman ki efikas.

Pou plis enfòmasyon sou kisa Tit I vle di nan lekòl pitit ou a, tanpri, rele reprezantan Tit I lekòl la, oswa rele Depatman Pwogram Federal ak Eta yo nan Distri a nan (561) 434-8017.



SIPÒ YO KOWÒDONE

Lekòl Tit I resevwa sipò ki soti nan anpil lòt depatman Distri a pou ede angajman fanmi. Lekòl yo kowòdone pwogram ak:

- ◊ Edikasyon Preskolè
- ◊ Ansèyman ak Aprantisaj
- ◊ Edikasyon Migran
- ◊ Edikasyon Elèv Eksepsyonèl (ESE)
- ◊ *Safe Schools*
- ◊ Sèvis Sipò
- ◊ Edikasyon Miltikiltirèl
- ◊ Edikasyon pou Sanzabri
- ◊ Edikasyon Teknolojik
- ◊ Kominikasyon ak Angajman

ANKOURAJE ANGAJMAN FANMI

Lekòl Tit I yo ofri fanmi yo opòtinite pou fè tandè vwa yo epi pou kontribye nan pwosesis pran desizyon.

Lekòl Tit I yo fè sèten fanmi santi yo byenveni, apresye, enkli. Lekòl Tit I yo fè sèten fanmi yo kapab patisipe nan reyinyon pou pran desizyon, seminè, atelye fòmasyon oswa trening, ak lòt aktivite fanmi nan:

- voye avi sou dat ak lè reyinyon/fòmasyon yo atan
- ofri dat ak lè ki fleksib;
- ofri reyinyon vityèl oswa nan telefòn;
- fè aranjman pou pwoblèm fizik (pa egzanp enkli ekipman odyo, materyèl enprime, pakin pou moun ki andikape);
- bay gadri pou timoun nan trening pou paran (kontakte lekòl pitit ou a pou konnen si yo ofri sa nan lekòl la);
- bay sèvis tradiksyon an Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè, epi
- rekonèt epi selebre fanmi ki fòme kominote lekòl la.

KIJAN DISTRI A SIPÒTE ANGAJMAN FANMI NAN LEKÒL TIT I YO

Distri a travay an kolaborasyon ak lekòl yo pou ofri fòmasyon pou pwofesè, administratè lekòl ak estaf la, yon fason pou yo menm tou, kapab kreye bon jan pwogram pou Angajman Fanmi nan lekòl yo. Yo mete anba la a egzanp efò Distri ak lekòl yo ap fè nan angajman fanmi ki vize bati bon jan pwogram.

- Reyinyon pou opinyon moun ki enterese yo, pou revize epi ekri Plan Lekòl la, bidjè Angajman Fanmi, Plan Angajman Paran ak Fanmi epi Kontra Paran Lekòl la
- Reyinyon Evalyasyon Bezwen ak fanmi yo, estaf lekòl, ak kominote a pou diskite sou done ak plan pwogram pou ede elèv yo
- Reyinyon Komite Konsèy Lekòl ak Asosyasyon Paran Pwofesè
- Responsab Angajman Fanmi nan nivo lekòl yo
- Sant Resous pou Paran nan sèten lekòl
- Reyinyon Anyèl Tit I nan tout lekòl Tit I yo
- Asistans teknik ak fòmasyon pou reprezantan Tit I ak kontak Angajman Fanmi, ki genyen ladan kijan pou òganize evènman angajman fanmi vityèl
- Patenarya ant fanmi, biznis, epi kominote, nan benefis fanmi yo
- Fòmasyon pou estaf ki sipòte estrateji angajman fanmi ak pratik ki baze sou rechèch ki sipòte rannman elèv lakay oswa nan lekòl
- Patenarya ak lòt depatman pou òganize fòmasyon pou fanmi, ki bay enfòmasyon sou tès elèv yo dwe pran nan chak klas epi zouti pou ede fanmi sipòte aprantisaj lakay
- Resous ak materyèl pou sipòte preparasyon pou jadendanfan
- Sit entènèt Tit I pou lekòl ki genyen resous resan pou sipòte inisyativ angajman fanmi